

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Dina KBBI (2008, kc. 580-581), yén anu disebut méthode téh nya éta cara anu gumulung atawa ngaruntuy jeung éta cara téh geus dipikirkeun heula asak-asak pikeun ngahontal maksud anu tangtu dina élmu pangaweruh. Sedengkeun méthode panalungtikan mah nya éta cara pikeun néangan bebeneran jeung *asas-asas gejala alam*, masarakat, jeung kamanusaan, dumasar kana disiplin élmu anu aya patalina. Jadi, sangkan nyangking data anu bener sarta hasil anu nyugemakeun tur luyu jeung kaayaan anu sabenerna, kudu maké méthode. Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analitis.

Arikunto (2010, kc. 3) nétélakeun istilah déskriptif téh asalna tina basa Inggris *to describe*, anu hartina ngajéntrékeun atawa ngagambarkeun hiji hal, upamana kaayaan, kajadian, kagiatan, jeung sajabana. Anu jadi udagan utamana dina panalungtikan déskriptif téh nya éta pikeun ngagambarkeun sacara sistematis fakta jeung karakteristik objék atawa subjék anu ditalungtik kalawan bener. Data-data anu geus didéskripsikeun téh tuluy dianalisis saluyu jeung tiori anu dijadikeun cecekelan. Éta pedaran téh mangrupa konsép tina méthode déskriptif analitis.

Méthode déskriptif analitis dina ieu panalungtikan téh dipaké pikeun nganalisis sarta ngadéskripsikeun data anu kapanggih dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa*, dipaluruh struktur-sémiotik jeung ajén moralna, tuluy hasilna diimplementasikeun pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII.

3.1.1 Téhnik Panalungtikan

1) Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta talaah (studi) pustaka. Téhnik studi pustaka nya éta téhnik anu dipaké pikeun

ngumpulkeun data anu sifatna dokumén (gambar-gambar atawa tinulis). Ieu téhnik dipaké pikeun néangan dadasar téori jeung hal-hal anu bisa ngadeudeul panalungtikan. Téori anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta téori ngeunaan kajian struktural-sémiotik, ajén moral, bahan pangajaran, jeung dongéng.

2) Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Wirasasmita (1997, kc. 77) dina téhnik ngolah data, aya sababaraha léngkah anu kudu dipigawé ku panalungtik, nya éta: séléksi data, klasifikasi data, nuliskeun data, tabulasi data, jeung téhnik analisis. Anapon dina ieu panalungtikan aya sababaraha téhnik ngolah data, nya éta:

- a. ngaidéntifikasi masalah, masalah dina ieu panalungtikan nya éta can kapaluruhna struktur, tanda jeung ajén moral anu aya dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa*;
- b. ngalakukeun studi pustaka anu aya patalina jeung panalungtikan;
- c. ngumpulkeun data, data anu dikumpulkeun nya éta ngeunaan kajian struktural-sémiotik, ajén moral, bahan pangajaran, jeung dongéng;
- d. ngolah data, data anu geus dikumpulkeun téh tuluy diolah, mana data anu bisa dipaké jeung mana data anu henteu bisa dipaké dina ieu panalungtikan; jeung
- e. nyusun laporan hasil panalungtikan, data anu geus diolah, tuluy dicindekeun disusun jadi hiji laporan anu gembheng.

3.1.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu dipaké pikeun ngukur *fenomena* alam atawa sosial anu ditalungtik (Sugiyono, 2012, kc. 102). Jadi, instrumén panalungtikan téh nya éta sakabéh alat atawa cara anu dipaké dina panalungtikan. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Buku sumber, buku sumber dina ieu panalungtikan dipaké pikeun dianalisis atawa dipaluruh. Buku sumberna nya éta buku kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa*.

- 2) Buku-buku pangrojong (*referensi*), nya éta buku-buku anu aya hubunganana jeung panalungtikan, ngeunaan kajian struktural-sémiotik, ajén moral, bahan pangajaran, jeung dongéng.
- 3) Buku *pedoman*, nya éta buku *panduan* nyusun laporan panalungtikan, buku *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah 2013*.

3.2 Sumber Data


Data asal kecapna tina basa Latin *datum* anu hartina nya éta, hiji himpunan, (angka) minangka hasil tina panalungtikan atawa pangukuran (Wirasmita, 1997, kc. 30). Sumber data nya éta subjék anu bisa dipaké pikeun nyangking data (Arikunto, 2012, kc. 172). Sumber data dina panalungtikan bisa dipaluruh sacara langsung jeung teu langsung. Sumber data anu langsung dipaluruh ti lapangan atawa laboratorium disebutna sumber data *primer*. Sedengkeun sumber data anu dipaluruh tina bahan bacaan mah disebutna sumber data *sekunder* (Nasution, 2003, kc. 143).

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa*. *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana téh kumpulan dongéng anu kandelna 96 kaca, citakan anu ka-2, terbitan Rahmat Cijulang dina taun 1967. Ieu kumpulan dongéng téh ngadongéngkeun lalampahan Si Kabayan, caritana nyambung sanajan miboga sababaraha judul dongéng, nya éta: *Ngajual Cau; Tumpak Oplét; Nyaba; Tapa; Impala Kenyed; Parasit; jeung Lalajo Maén Bal*.

3.3 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Nasution (2003, kc. 23-24) desain panalungtikan nya éta rarancang ngeunaan cara ngumpulkeun jeung nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun sacara *ekonomis* sarta saluyu jeung tujuan panalungtikanana. Anapon desain dina ieu panalungtikan wangunna saperti di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.5 Wangenan Operasional

Sangkan teu loba tafsiran anu béda-béda kana judul ieu panalungtikan “*Struktur-Sémiotik jeung Ajén Moral dina Kumpulan Dongéng Si Kabayan Tapa pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP Kelas VII*”, ku kituna

dijéntrékeun ngeunaan struktur-sémiotik, ajén moral, kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa*, jeung bahan pangajaran maca dongéng.

1) Strukturalisme

Konsép dasar anu jadi ciri has téori struktural nya éta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur anu otonom anu ngan bisa dicangkem maksudna tina hiji gembleran anu diwangun ku unsur-unsur anu ngarojongna. Ku lantaran kitu, karya sastra bisa dipaham; dicangkem téh dumasar struktur pangwangunna baé, leupas tina kasang tukang kasajarahana, leupas tina niat jeung kamampuh pangarangna, leupas tina pangaruh anu dihontal ku pamacana. Jadi anu penting mah *close reading*, nya éta prosés pembacaan kalawan mikroskopi tina karya minangka ciciptan basa (Isnendes, 2010, kc. 91).

2) Sémiotik

Istilah sémiotik asalna tina basa Yunani, *semeion* anu hartina ‘tanda’. Dina harti basajan, sémiotik hartina ‘élmu tanda’. Tanda hartina ‘hiji hal anu ngawakilan anu séjénna’. Jadi, sémiotik téh ‘élmu anu nalungtik sagala rupa dina posisi minangka wakil ti nu séjén’. Jadi sémitok téh hartina élmuning tanda, lantaran sémiotik téh cabang élmu anu nguruskeun tanda, kawas sistim tanda jeung prosés anu bisa dialarapkeun pikeun digunakeunana tanda (Van Zoes, terj. Soekawati, 1993, kc. 1).

3) Ajén Moral

Ajén moral téh nya éta méré pituduh atawa patokan ngeunaan hadé goréngna anu ditarima ku masarakat (kaasup pamaca) ngeunaan kalakuan, sikep, ahlak, kawajiban, jeung susila anu hade dumasar kana sumberna nya éta agama.

4) Kumpulan Dongéng *Si Kabayan Tapa*

Si Kabayan Tapa karya Min Resmana téh kumpulan dongéng anu kandelna 96 kaca, citakan anu kadua, terbitan Rahmat Cijulang dina taun 1967. Nurutkeun interpretasi panyusun, ieu kumpulan dongéng mangrupa kumpulan dongéng anu eusina méré gambaran kahirupan sosial anu nyata tur mundel. Méré gambaran kahirupan sosial anu ngawakilan jamanna. Ajén atawa pesen moral anu ditepikeun ku pangarangna ogé mangrupa protés sosial kana kahirupan anu kaalaman jaman

Resti Melianti, 2014

Ajén Moral Dina Kumpulan Dongéng Si Kabayan Tapa Pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Di Smp Kelas VII (Tilikan Struktural Jeung Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

harita, dimana kahirupan di éta jaman téh geus loba anu teu saluyu jeung bebeneran sarta teu sarua jeung sakumaha mistina. Ieu kumpulan dongéng téh ngandung unsur pamohalan, sarta humor anu diwakilan ku karakter Si Kabayan, tapi éta hal teu ngabalukarkeun ajén atawa pesen moralna leungit. Ku ayana éta unsur, naon-naon anu hayang ditepikeun ku pangarang téh teu hésé ditarima ku aprésiator sastra.

5) Bahan Pangajaran Maca Dongéng

Bahan pangajaran mangrupa salasahiji komponén tina sistem pangajaran anu salawasna silih deudeul jeung silih lengkepan antara komponén anu hiji jeung komponén anu lianna. Tina hasil panalungtikan ngeunaan struktur-sémiotik jeung ajén moral anu nyangkaruk dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* téh dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng saluyu jeung kurikulum SMA 2013: KIKD.